


BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Panalungtikan kualitatif nyaéta prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data déskriptif nu mangrupa kecap-kecap tinulis atawa lisan ti jalma-jalma jeung paripolahna nu bisa ditalungtik (Moleong, 2019, kc. 4). Ari kecap déskriptif asalna tina basa Inggris “*to describe*” nu hartina ngajelaskeun ngeunaan hiji hal, misalna kaayaan, kajadian, kagiatan, atawa hal séjén, nu hasilna dijelaskeun dina wangun laporan panalungtikan (Arikunto, 2010, kc. 3). Ieu métode ngagambarkeun kaayaan objék nu ditalungtik. Data nu dikumpulkeun dina ieu panalungtikan mangrupa data nu sumberna tina hasil angkét *google form*, foto, jeung rékaman. Sarta sanggeus meunang data, tuluy didéskripsikeun kalayan ngagunakeun analisis. Saluyu jeung nu ditétélakeun ku Ratna (2015, kc. 53), yén métode déskriptif analitik mangrupa cara ngadéskripsikeun fakta-fakta nu dituturkeun ku analisis.

Dumasar kana pamarekan jeung métode anu digunakeun, désain panalungtikan anu dirumuskeun nyoko kana galur panalungtikan, ti mimiti ngarumuskeun masalah nepi ka nyusun kacindekan. Galur lengkepna, nyaéta (1) ngarumuskeun masalah, (2) ngumpulkeun data, (3) nyusun instrumén panalungtikan, (4) ngolah data, (5) ngadéskripsikeun data, jeung (6) nyusun kacindekan. Kalawan ringkes, désain ieu panalungtikan bisa dibagankeun saperti ieu di handap.



Bagan 3.1
Désain Panalungtikan

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Moleong (2019, kc. 157) sumber utama dina panalungtikan kualitatif nyaéta kekecapan jeung kalakuan, saterusna mangrupa data tambahan di antarana dokumén. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta sagala rupa référénsi, boh buku boh jurnal jeung sumber séjénna nu ngabahas ngeunaan sikep basa. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta pamiarsa program Napak Tilas di Garuda Radio Visual 105.5 FM Bandung, hususna nu gabung dina grup *whatsapp*.

3.2.1 Garuda Radio Visual

Garuda Radio Visual mangrupa salah sahiji radio di Bandung, dipimilik ku Pa Irawan (PT. Garuda Tunggal Angkasa) nu geus aya salila 53 taun. Garuda radio mimitina aya di jalan Veteran Bandung ti taun 1968. Harita Garuda radio masih *on air* nu frékuénsina AM.

Dumasar mekarna jaman, Garuda radio nuturkeun *trend di era media radio*, sangkan bisa *kompetitif* jeung média radio séjén nu mungkin loba di Bandung. ti mimiti taun 1990, Garuda radio pindah ti Jalan Veteran ka Jalan Mohamad Ramdan 49A Bandung, kalayan frékuénsi nu tadina AM jadi FM. Harita, Garuda radio ngagunakeun format *multisegmen* jeung *multi musik*, pamiarsana strata ékonomi menengah ka handap. Taun 2019 Garuda radio pindah ka Jalan Dr. Djunjunan Dalam No. 8A Pasteur Bandung. Garuda radio kiwari geus transformasi, nu tadina ukur bisa didéngékeun, jadi bisa ditongton kalayan robah ngaran jadi Garuda Radio Visual, sarta boga *tagline* “Garuda Radio Visual, Radio Visual Terbaik”. Anapon logona saperti ieu di handap.



Gambar 3.1
Logo Garuda Radio Visual

Pamiarsa bisa miarsa ngaliwatan aplikasi nu bisa ditéangan di *Play Store* (*Android*) sarta *App Store* (*Iphone*) kalayan *keyword* “Garuda Radio Visual”. Anapon gambarna saperti ieu di handap.



Gambar 3.2
Aplikasi Garuda Radio Visual

3.2.2 Program Acara Napak Tilas

Program acara mangrupa ségmén nu jadi panglengkep dina hiji média. Dina radio, aya sababaraha program acara nu diudarakeun, eusi konténna diunggal acara béda-béda disaluyukeun jeung pangabutuh masarakat. Perusahaan radio bakal lumangsung upama dijerona aya sababaraha program acara. Upama program miboga pamiarsa nu réa, bakal babari pikeun perusahaan radio ngirut nu rék promosi produk/ ngiklan.

Kecap program asalna tina basa Inggris *programme*, nu hartina acara atawa rancangan. Nalika ngajieun program acara mikabutuh ide nu hadé sarta sababaraha runtuyan sangkan hasilna bisa saluyu jeung nu dipikaharep ogé dirarancang. Program acara ogé kudu ditangtukeun ségméntasi sarta jam siaranana sangkan teu salah dina nangtukeun targét masarakat. Program siaran bisa diartikeun salaku bagéan atawa ségmén tina eusi radio atawa télévisi (Djamal, 2015, kc. 159).

Program acara nu aya di radio mangrupa faktor nu bisa jadi cukang lantaran masarakat kairut pikeun tuluy nuturkeun siaranana. Program acara ogé bisa diibaratkeun salaku barang nu dijual ka konsumén sarta bisa ngirut nu rék ngiklan. Ku kituna bisa dihartikeun yén program acara mangrupa produk nu dibutuhkeun jalma réa, nu matak masarakat bisa ilubiung diunggal program acara.

Aya sapuluh rupa stratégi dina ngararancang program nu digunakeun ku ampir sakumna *stasiun penyiaran* di dunya, nyaéta:

1. *Day parting*, nyaéta léngkah dina rarancang ngabagi poé kana sababaraha slot waktu nu dianggap pantes jeung pas pikeun diudarakeun. Ieu program ngagunakeun tinimbangan targét audiénsi dina slot waktu nu tangtu, misal isuk-isuk, beurang, soré atawa peuting.
2. *Theming*, nyaéta panangtuan téma nu diudarakeun di waktu nu tangtu saperti “hari libur”. Atawa nangtukeun dina waktu saminggu kalayan téma nu tangtu.
3. *Stripping*, nyaéta *penayangan* program sindikasi nu dipintonkeun sacara teu langsung, atawa mangrupa *delay-programme*, nyaéta jenis *series* unggal poé dina saminggu. Ieu runtuyan ilaharna dilakukeun di minggu-minggu kahiji sacara husus.
4. *Stacking*, nyaéta téhnik nu digunakeun pikeun ngahubungkeun audiénsi ku cara ngelompokkeun ku sababaraha program kalayan téma nu ampir sarua dina raraga ningali (*sweep*) pamiarsa salila magelarkeun program jeung program satuluyna.
5. *Counterprogramming*, nyaéta léngkah rarancang program unggulan jeung program nu hadé di *stasiun penyiaran* lian dina période nu tangtu kalayan udagan ngirut audiénsi ti *stasiun pesaing*.
6. *Bridging*, digunakeun upama salah sahiji *stasiun penyiaran* mahing audiénsi pikeun pindah *channel*, sakabéh *stasiun penyiaran* ngeureunkeun programna séwang-séwangan.
7. *Tentpoling*, nyaéta léngkah ngararancang slot waktu pikeun program acara anyar, saméméh jeung sanggeus program unggulan nu miboga audiénsi loba. Ku cara kitu dipiharep audiénsi tetep ngadéngékeun di *channel* nu sarua.
8. *Hammocking*, nyaéta léngkah ngararancang slot waktu nu ampir sarua jeung *tentpolling* tapi hiji program anyar atawa acara ditempatkeun di antara dua program unggulan.
9. *Crossprogramming*, nyaéta milih jenis program ku cara ngévaluasi jalan carita tina dua épisode atawa dua program nu béda.
10. *Hotswitching*, nyaéta panangtuan iklan sangkan pamiarsa teu pindah *channel* (Djamal, 2015, kc. 136).

Napak Tilas mangrupa salah sahiji program acara di Garuda Radio Visual, nu eusina ngabahas ngeunaan diajar basa Sunda, di antarana kabeungharan kecap, babasan, jeung paribasa. Salian ti éta ogé nyaritakeun ngeunaan sajarah karajaan, inohong, jeung kabudayaan Sunda nu ilaharna sok dieusian ku matéri dongéng. Basa nu digunakeun dina éta siaran nyaéta basa Sunda.

Program Napak Tilas mimiti aya ti tanggal 12 Pébruari 2019. Penyiarna nyaéta Kang Hilman jeung Téh Santi. Ieu acara disiarkan poé Senén nepi ka Jumaah, di jam *primetime*, nyaéta ti jam 19.00 WIB nepi ka 21.00 WIB. Napak Tilas boga dalapan ségmén, bubuka di ségmén hiji, sarta di ségmen dalapan aya panutup. Ti ségmén dua nepi ségmén genep eusina ngeunaan diajar kabeungharan kecap Sunda, babasan jeung paribasa, sajarah Sunda, kasenian, jeung kabudayaan Sunda. Sarta unggal poé Jumaah mangrupa jadwal maca dongéng, penyiarni maca dongéng-dongéng nu aya di Jawa Barat. Ieu hal bisa disebut dongéng radio. Di ségmén tujuh, penyiarni macakeun *sms*, *whatsapp*, sarta nu asup ngaliwatan aplikasi, aya ogé nu langsung nelepon. Anapon gambar program acara Napak Tilas didadarkeun ieu di handap.



Gambar 3.3

Gambar Program Acara Napak Tilas

Katitén dumasar gambar di luhur, ditulis ngaran program acara nyaéta Napak Tilas. Di katuhu béh luhur aya logo Garuda Radio Visual, tuluy aya potrét penyiarna

Santi Nurjanah, 2021

RÉSPON JEUNG SIKEP BASA PAMIARSA KANA PROGRAM NAPAK TILAS DI GARUDA RADIO VISUAL
105.5 FM BANDUNG

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nyaéta Kang Hilman jeung Téh Santi. Gigireun potrét aya jadwal siaran, nyaéta Senén nepi ka Jumaah, ti jam 19.00 WIB nepi ka 21.00. Handapeun waktu aya cuplikan nu ngabahas ngeunaan acara Napak Tilas. Sarta dipungkas ku média sosial Garuda Radio Visual, di antarana *facebook*: Radio Garuda 105.5 FM Bandung, *instagram*: Garuda Visual Radio, sarta aplikasi *streaming*: Garuda Radio Visual.

3.2.3 Pamiarsa Program Napak Tilas di Garuda Radio Visual 105.5 FM

Bandung

Pamiarsa asal kecapna tina basa Kawi, *miarsa* nu miboga harti ngadéngé. Anapon pamiarsa hartina nyaéta jelema nu ngadéngé (Danadibrata, 2015, kc. 440). Sacara teu langsung pamiarsa ampir sarua jeung *audience* atawa *khalayak*. *Khalayak* bisa disebut panarima, sasaran, pamaca, pamiarsa, kaum dangu atawa panongton. *Khalayak* jadi salah sahiji alesan suksésna program acara, ku kituna teu meunang diantepkeun lantaran berhasil henteuna komunikasi kacida ditangtukeun ku *khalayak* (Cangara, 2010, kc. 157).

Anapon karakteristik pamiarsa radio di antarana:

1. *Heterogen*

Karakteristik pamiarsa radio ilaharna béda-béda umur, ras, séké, agama, *strata sosial*, kasangtukung politik budaya jeung kapentingan.

2. *Pribadi*

Pamiarsa radio nyaéta individu-individu, lain tim atawa organisasi. Ku kituna komunikasi nu lumangsung miboga sifat interpersonal (*antarpribadi*), nyaéta penyiar jeung pamiarsa, kalayan gaya “guneman”. Penyiar kudu ngabayangkeun saperti ayana paguneman nalika siaran.

3. *Aktif*

Pamiarsa radio siaran teu pasif, tapi mikir, bisa ngalakukeun interprétasi jeung ngajén kana naon nu keur didéngékeun.

4. *Selektif*

Pamiarsa radio bisa milih *gelombang*, *frekuensi*, atawa *stasiun radio* nu mana waé saluyu jeung karesep séwang-séwangan. Penyiar teu bisa “maksa” pamiarsa pikeun tuluy ngadéngékeun (*stay tune*) di *gelombang* nu sarua (Romli, 2009, kc. 65).

Pamiarsa program Napak Tilas 105.5 FM Bandung nu aya dina grup *whatsapp* jumlahna 31 pamiarsa, sarta nu ngirim réspon ngaliwatan *whatsapp* lobana 21 pamiarsa, *sms* jumlahna 3 pamiarsa, telepon atawa *interactive call* jumlahna 5 pamiarsa, sarta ngaliwatan aplikasi *streaming* jumlahna 13 pamiarsa, kurang leuwih jumlahna 73 pamiarsa.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Ratna (2015, kc. 37) téhnik aya patalina jeung data primer, di antarana wawancara, angkét, rékaman, dokumén jeung réa-réa deui. Téhnik nu dianggap merenah pikeun ieu panalungtikan di antarana téhnik obsérvasi. Nurutkeun Endraswara (2006, kc. 203), téhnik ngumpulkeun data ieu masih kénéh sadapuran jeung konsép Spradley, yén panalungtik kudu ilubiung langsung dina éta kagiatan sangkan babari dina ngumpulkeun data. Salian ti éta, panalungtik ogé ngagunakeun téhnik talaah pustaka jeung studi dokuméntasi.

a. Téhnik Obsérvasi

Téhnik obsérvasi anu dilakukeun ku panalungtik nyaéta ku cara ilubiung dina grup *whatsapp* pamiarsa program Napak Tilas di Garuda Radio Visual 105.5 FM Bandung. Tina hasil obsérvasi, disaluyukeun jeung data dina angkét.

Dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan, saméméhna nataharkeun heula sagala rupa pikeun meunangkeun data ku cara obsérvasi.

Léngkah-lengkahna saperti ieu di handap.

1. Ngalakukeun survéy ka pamiarsa program Napak Tilas di Garuda Radio Visual 105.5 FM Bandung;
2. Ngajéntrékeun maksud jeung tujuan panalungtikan ka réspondén;
3. Ngadokuméntasikeun; sarta
4. Nyadiakeun instrumén, kaasup pedoman angkét *google form* pikeun meunangkeun data nu dimaksud.

b. Téhnik Angkét

Téhnik ngumpulkeun data ngaliwatan ngabagikeun angkét dilakukeun pikeun ngahasilkeun data anu sipatna sawangan atawa pamanggih responden. Angkét nyaéta pertanyaan tinulis anu digunakeun pikeun nyangking informasi ti responden dina harti laporan ngeunaan pribadi atawa hal-hal anu dipikanyaho (Arikunto, 2006,

kc. 151). Anapon nurutkeun Sugiyono (2008, kc. 199), angkét mangrupa téhnik ngumpulkeun data anu dilakukeun ku cara méré sajumlahing pertanyaan ka réspodén pikeun dijawab. Angkét anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta angkét tertutup, ku sabab réspodén ngan saukur méré tanda kana salah sahiji jawaban anu dianggap bener, atawa nangtukeun sikep ngaliwatan opsi jawaban anu geus disadiakeun.

Dumasar kana téhnik di luhur, ngumpulkeun data dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

1. Nerangkeun maksud jeung tujuan anu jelas ka réspodén;
2. Ngabagikeun angkét pikeun meunangkeun data;
3. Ngumpulkeun angkét ti réspodén.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat pikeun ngumpulkeun data anu luyu jeung masalah anu ditalungtik. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta angkét *google form*, dipaké pikeun ngumpulkeun data. Pertanyaan anu diajukeun jumlahna 40 anu kabagi kana opat aspék, nyaéta réspon, sikep kana kasatiaan, kareueus, jeung kasadaran kana norma kabasaan. Angkét anu digunakeun nyaéta angkét tertutup, di mana panalungtik nyadiakeun pilihan jawaban pikeun réspodén. Angkét disebar ka sababaraha pamiarsa program Napak Tilas di Garuda Radio Visual 105.5 FM Bandung, salaku wawakil réspodén. Angkét *google form* anu dibagikeun, dibéré judul pikeun nandaan yén ieu angkét ditujukeun ka pamiarsa program Napak Tilas kalayan *link* http://bit.ly/Pamiarsa_Napak_Tilas. Anapon klasifikasi angkét anu digunakeun dina ieu panalungtikan baris digambarkeun di handap.

A. Klasifikasi Angkét Pertanyaan

No.	Komponén	Sub Komponén	No. Soal	Pertanyaan
1	Data Diri	Biodata jeung kagiatan sapopoé	Data diri (1-8)	1. Wasta 2. Nomer HP 3. Umur 4. Wanda Jinis

No.	Komponén	Sub Komponén	No. Soal	Pertanyaan
			Kegiatan sapopoé (9-11)	5. Tempat, ping gumelar 6. Pakasaban 7. Agama 8. Padumukan 9. Basa nu dipaké sapopoé 10. Kabiasaan miarsa program Napak Tilas di Garuda Radio Visual 105.5 FM Bandung 11. Miarsa program Napak Tilas lantaran mikaresep hiji hal
2	Réspon	Tanggapan kana siaran program Napak Tilas di Garuda Radio Visual 105.5 FM Bandung	Réspon (1-10)	1. Kuring meunang informasi ngeunaan Babasan jeung Paribasa Sunda, sajarah, sarta kabudayaan Sunda 2. Kuring bisa diajar ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé 3. Kuring bisa maham kana kabudayaan masarakat Sunda 4. Kuring ngarasa yakin dina diri kuring kana hal-hal nu aya patalina jeung basa Sunda 5. Kuring ngarasa reueus jadi masarakat Sunda 6. Kuring boga kahayang sangkan bisa lancar ngagunakeun basa Sunda dina paguneman sapopoé 7. Kuring ngarasa bungah nalika ngadéngékeun lagu Sunda 8. Kuring ngarasa bungah nalika nyarita ngagunakeun basa Sunda 9. Kuring ngarasa bungah nalika bisa ngajelaskeun deui ngeunaan budaya Sunda ka batur 10. Kuring ngarasa bungah nalika bisa ngajelaskeun

No.	Komponén	Sub Komponén	No. Soal	Pertanyaan
				deui ngeunaan sajarah Sunda ka batur
3	Kasatiaan Basa	Tarékah ngagunakeun basa indung sapopoé	Sikep Basa (Kasatiaan kana basa Sunda 1-10)	<ol style="list-style-type: none"> 1. Ngagunakeun basa Sunda dina paguneman sapopoé jeung kulawarga 2. Ngagunakeun basa Sunda dina paguneman jeung babaturan 3. Ngagunakeun basa Sunda dina paguneman situasi formal 4. Nerangkeun hiji perkara ka batur ngagunakeun basa Sunda 5. Bisa nyarita leuwih ti hiji basa téh penting 6. Bisa maké basa nu dipaké ku kolot urang téh penting 7. Salaku urang Sunda, bisa maké basa Sunda téh penting 8. Saupama hiji jalma teu lancar ngagunakeun basa Sunda, alusna ulah ngomong maké basa Sunda 9. Saupama boga budak, basa mimiti nu diajarkeun nyaéta basa Sunda 10. Diajar nyarita basa Sunda heula saméméh basa Indonesia jeung basa Asing
4	Kareueus Basa	Basa salaku lambang idéntitas hiji étnik	Sikep Basa (Kareueus kana basa Sunda 1-10)	<ol style="list-style-type: none"> 1. Ngagunakeun basa Sunda di luar daérah Jawa Barat dina paguneman jeung papada urang Sunda téh penting 2. Ngagunakeun basa Sunda di aréa publik (Bank, kantor pos, mall, jrrd.) jeung papada urang Sunda téh penting 3. Umajak ka batur sasélér bangsa pikeun

No.	Komponén	Sub Komponén	No. Soal	Pertanyaan
				<p>ngagunakeun basa Sunda téh penting</p> <p>4. Ngamimitian gunem catur jeung papada urang Sunda ngagunakeun basa Sunda téh penting</p> <p>5. Ngarasa keuheul nalika aya nu ngahina basa Sunda</p> <p>6. Nyarita basa Sunda téh dusun</p> <p>7. Nyarita basa Sunda di hareupeun jalma nu teu bisa maké basa Sunda dianggap teu sopan</p> <p>8. Ngawanohkeun kekecapan basa Sunda ka lain urang Sunda bisa ngaronjatkeun hirup-huripna basa Sunda</p> <p>9. Diajar basa Inggris leuwih mangpaat ti batan diajar basa Sunda</p> <p>10. Diajar basa Indonesia leuwih mangpaat ti batan diajar basa Sunda</p>
5	Kasadaran ayana norma basa	Pentingna tetekon basa dina komunikasi	Sikep Basa (Kasadaran ayana norma basa 1-10)	<p>1. Bisa ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda téh penting</p> <p>2. Ngalelempeng jalma lian nu salah nalika ngagunakeun aturan basa Sunda</p> <p>3. Kumaha sikep Bapa/ Ibu/ Sadérék kana ieu kalimah di handap? "Bapa nuju kulem nalika abdi dahar"</p> <p>4. Kumaha sikep Bapa/ Ibu/ Sadérék kana ieu kalimah di handap? "Pun biang wangsul ti bumi Aki nalika kuring mios ka sakola"</p> <p>5. Kumaha sikep Bapa/ Ibu/ Sadérék kana ieu kalimah di handap? "Usum peré"</p>

No.	Komponén	Sub Komponén	No. Soal	Pertanyaan
				<p>sakola kieu, kuring kalah nyeri soca"</p> <p>6. Kumaha sikep Bapa/ Ibu/ Sadérék kana ieu kalimah di handap? "Mending nyeri huntu, tibatan nyeri haté, Bu!"</p> <p>7. Kumaha sikep Bapa/ Ibu/ Sadérék kana ieu kalimah di handap? "Pun biang angkat ka Bandung, kuring mios ka sakola"</p> <p>8. Tatakrama Basa Sunda kacida pentingna dina ngagunakeun basa</p> <p>9. Mun teu bisa nyarita basa Sunda lemes, dianggap teu bisa kana basa Sunda</p> <p>10. Ayana Tatakrama Basa Sunda nyababkeun rasa sieun nalika nyarita basa Sunda, anu antukna basa Sunda teu digunakeun</p>

Tabél 3.1
Klasifikasi Angkét Pertanyaan

B. Klasifikasi Angkét Hasil

No.	Perséntase	Hasil
1.	Jumlah pamiarsa nu satuju kana hal nu patali jeung sikep basa (kasatiaan, kareueus, jeung kasadaran kana norma basa Sunda)	Positif
2.	Jumlah pamiarsa nu teu satuju kana hal nu patali jeung sikep basa (kasatiaan, kareueus, jeung kasadaran kana norma basa Sunda)	Négatif

3.5 Téhnik Ngolah Data

Sabada data kakumpulkeun, tuluy diolah pikeun ngajawab masalah nu ditalungtik, anu léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

1. Mariksa deui data anu geus kakumpulkeun;
2. Nyieun papasingan data dumasar kana bagian-bagian tina pedoman angkét ngeunaan réson jeung sikep basa pamiarsa program Napak Tilas di Garuda Radio Visual 105.5 FM Bandung;
3. Nganalisis data nu mangrupa hasil obsérvasi jeung angkét *google form*, anu dianalisis dumasar kana réson sikep pamiarsa kana program Napak Tilas di Garuda Radio Visual 105.5 FM Bandung;
4. Ngadéskripsikeun data dumasar kana rumusan masalah; jeung
5. Nyieun kacindekan tina data nu geus diolah. Data anu geus didéskripsikeun tuluy dijieun kacindekan tina hasil analisis jeung déskripsi data.